


BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Désain Panalungtikan

Métode panalungtikan mangrupa cara pikeun nyangking data keur tujuan nu geus tangtu (Sugiyono, 2013, kc. 2). Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalayan métode déskriptif. Data anu dikumpulkeun dina panalungtikan kualitatif utamana mangrupa kekecapan, kalimah atawa gambar anu miboga ma'na sarta mampuh ningkatkeun pamahaman nu leuwih nyata saluyu jeung data anu dikumpulkeun (Nugrahani, 2014, kc. 96). Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan kualitatif anu ngagunakeun metode panalungtikan déskriptif. Métode déskriptif dina ieu panalungtikan digunakeun ku sabab luyu jeung tujuan panalungtikan nyaéta ngadéskripsikeun kohérens référénsial anu aya dina rubrik carita pondok majalah *Manglé* edisi bulan Séptémber taun 2021.

Aya sababaraha léngkah pikeun ngalaksanakeun ieu panalungtikan nyaéta (1) ngarumuskeun masalah nu tangtuna aya patalina jeung kohérens référénsial hususna dina rubrik Carita Pondok Majalah *Manglé* édisi bulan Séptémber taun 2021; (2) nganalisis papasingan wanda kohérens référénsial; (3) ngelompokeun dominasi wanda kohérens référénsial; (4) nganalisis paragraf nu teu kohéren; jeung (6) medar hasil panalungtikan. Saluyu eung pamarekan katut métode nu digunakeun, désain tina ieu panalungtikan bisa dibagankeun dina bagan 3.1 Rarancang Panalungtikan ieu di handap.



Bagan 3.1 Rarancang Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sumber data pikeun ieu panalungtikan nyaéta data kohérénsi référénsial anu aya dina rubrik Carpon Majalah *Manglé* édisi Bulan Séptémber taun 2021. Majalah *Manglé* nu medal salila bulan Séptémber taun 2021 jumlahna aya opat édisi. Data dina ieu panalungtikan nyaéta paragraf anu ngandung kohérénsi référénsial. Anapon jumlah rubrik Carita Pondok anu medal salila bulan Séptémber taun 2021 nyaéta aya 17 carita pondok anu diwincik dina tabél di handap.

Tabél 3.1
Sumber Data Panalungtikan

No.	No. Édisi	Édisi Midang	Judul Carita Pondok	Panulis
1.	2848	2 – 8 Séptémber 2021	<i>Gara-Gara Gering</i>	Diwa Armani
2.	2848	2 – 8 Séptémber 2021	<i>Katurug Katutuh</i>	Néndén Hernika
3.	2848	2 – 8 Séptémber 2021	<i>Nu Miang dina Bayeungyang</i>	Rin Riani
4.	2848	2 – 8 Séptémber 2021	<i>Di Mana Éntog Kuring?</i>	Mustaka
5.	2849	9 – 15 Séptémber 2021	<i>Murid Anyar</i>	Komala Sutha
6.	2849	9 – 15 Séptémber 2021	<i>Goréng Sangka</i>	Agus R. Munggaran
7.	2849	9 – 15 Séptémber 2021	<i>Atuda Kumaha</i>	Unang Sumarna
8.	2849	9 – 15 Séptémber 2021	<i>Nu Kungsi Kalangsu</i>	Mimin Wiati
9.	2850	16 – 22 Séptémber 2021	<i>Pamilih Sorangan</i>	Davina Damayanti
10.	2850	16 – 22 Séptémber 2021	<i>Mangsa Sasalad Nerekab</i>	Rikma Dewi
11.	2850	16 – 22 Séptémber 2021	<i>Lock Of Love</i>	Firda Aulia
12.	2850	16 – 22 Séptémber 2021	<i>Haregem</i>	Andang S. Argayuda
13.	2850	16 – 22 Séptémber 2021	<i>Lawon Sesebitan</i>	Emha Ubaidillah
14.	2851	23 – 29 Séptémber 2021	<i>Ani Sobat Kuring</i>	Mimin Wiati
15.	2851	23 – 29 Séptémber 2021	<i>Jurigna Datang</i>	Ki Umbara
16.	2851	23 – 29 Séptémber 2021	<i>Tina Jandéla</i>	Yus R. Ismail
17.	2851	23 – 29 Séptémber 2021	<i>Lanceuk Bapa</i>	Eli Rusli

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Dina ngumpulkeun data pikeun dianalisis, tangtuna butuh téhnik atawa cara pikeun ngumpulkeun data. Nurutkeun Patton (Agusta, 2014) salah sahiji téhnik ngumpulkeun data nyaéta aya tina bahan tinulis anu mangrupa hasil nyutat tina hiji

dokumen. Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta ulikan pustaka. Téhnik ulikan pustaka nyaéta cara nu dipaké pikeun ngumpulkeun data atawa sumber nu aya hubunganna jeung topik nu aya dina hiji panalungtikan (Habsy, 2017). Téhnik ulikan pustaka dina ieu panalungtikan digunakeun pikeun ngumpulkeun data kohérénsi référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok dina Majalah Manglé édisi bulan Séptémber taun 2021. Anapon léngkah-léngkah pikeun ngumpulkeun data panalungtikan saperti ieu di handap.

- a. Nangtukeun obyék panalungtikan nyéta rubrik Carita Pondok dina Majalah *Manglé* édisi bulan Séptémber taun 2021;
- b. Maca sumber data tina sakabéh rubrik Carita Pondok dina Majalah *Manglé* édisi bulan Séptémber taun 2021;
- c. Nyirian wanda kohérénsi sarta paragraf nu teu kohéren;
- d. Nyalin data kana kartu data; jeung
- e. Mindahkeun data kana tabél data.

3.4 Instrumen Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data digital. Kohérénsi Référénsial anu aya dina rubrik Carita Pondok Majalah Manglé édisi Bulan Séptémber taun 2021 disalin ngagunakeun kartu digital. Anapon dilengkepan ku identitas saperti édisi manglé, judul téks, panulis, paragraf. Data paragraf anu aya disalin kana kartu digital saperti nu dipidangkeun dina tabel ieu di handap.

Tabél 3.2
Kartu Data Digital

No. Data	Data Paragraf	Kode Data
(435)	Ti harita Néng Cingut mindeng ngadatangan Rudi pikeu tanggung jawab. Datang ka Apih jeung Amih pikeun ngalamar. Tapi saban panggih, bari jangji-jangji teu puguh terusna mah Rudi téh ngagadabah deui. Malah hiji peuting mah Néng Cingut téh diparabkeun ka babaturanana.	M2851/TJ/YRI/21
(440)	Untungna boga éntog téh, taya sangu nu kapiceun. Urut kokoh budak sok langsung	M2848/DMÉK/Mu/17

No. Data	Data Paragraf	Kode Data
	kana wadah parab di kendang. Éntog duanana beuki ngagedéan ceuk tatangga nu apal mah cenah dua bulan deui gé ngendog. Atuh kuring jeung pamajikan beuki atoh. Mugia baé jadian iinguan téh. Atuh méh unggal poé rada disuwuk parabna téh.	

Anapon kode data anu dipaké pikeun ieu panalungtikan, sangkan leuwih gampang ngolah data. Kode data anu dipaké dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

M2848/KK/NH/24

Keterangan:

Kode data: Édisi Manglé/Judul téks/Panulis/Paragraf

Data nu geus dianalisis dina kartu data tuluy diasupkeun kana tabél instrumén pangolah data nu ngawengku 1) wanda kohérénsi référénsial jeung 2) dominasi wanda kohérénsi référénsial. Dumasar kana kartu data, disusun format analisis data saperti tabel 2 di handap.

Tabél 3.3

Papasingan Wanda Kohérénsi Référénsial

No. Data	Data	Wanda Kohérénsi Référénsial															
		1a	1b	1c	2a	2b	3	4a	4b	5	6	7a	7b	8a	8b	8c	8d
(045)	“Euh manéh mah dibéjaan téh kalah hayoh waé tetelepék. Susumping téh daun anu diselapkeun dia luhur ceuli, supaya hujan poyan teu ngajadikeun haregem ka diri urang,” Bapana beuki jero ngabénjér-béaskeun soal haregem. (M2850/H/ASA/07)															✓	

Keterangan:

(1a) Tatali kausalitas *sabab-akibat*; (1b) Tatali Kausalitas *alesan-akibat*; (1c) Tatali Kausalitas *akibat-alesan*; (2a) Tatali Komparatif *ngupamakeun*; (2b) Tatali Komparatif *lalandian*; (3) Tatali Parafrastis; (4a) Tatali Implikatif *latar-inklusif*; (4b) Tatali Implikatif *latar-kacindekan*; (5) Tatali Idéntifikatif; (6) Tatali Aditif; (7a) Tatali Generalisasi *generic-spesifik*; (7b) Tatali Generalisasi *spesifik-generik*; (8a) Tatali Résultatif *sarana-hasil*; (8b) Tatali Résultatif *sarat-hasil*, (8c) Tatali Résultatif *sarana-tujuan*; jeung (8d) Tatali Résultatif *anéksi-hasil*.

Tabél 3.4

Dominasi Wanda Kohérénsi Référénsial

No. Urut	Wanda Kohérénsi Référénsial	(f)
1.		
2.		

Keterangan:

f : frekuensi

Tabél 3.5

Babandingan Antara Paragraf nu Ngandung Kohérénsi Référénsial jeung Paragraf teu Kohéren

No.	Judul Carpon	Édisi	Jml Paragraf	Paragraf teu Kohéren	Paragraf nu ngandung Kohérénsi Référénsial
1.					
2.					

3.5 Téhnik Ngolah Data

Sangeus data kakumpulkeun, tuluy data diolah maké Téhnik Analisis Unsur Langsung, ari léngkah-léngkah dina ngolah data saperti ieu di handap.

- a. Niténan deui data kohérénsi référénsial sarta paragraf anu teu kohéren;
- b. Nyieun papasingan data dumasar kana wanda kohérénsi référénsial, diantaranya:
 - (1) tatali kausalitas, (2) tatali komparatif, (3) tatali parafratis, (4) tatali implikatif,

- (5) tatali idéntifikatif, (6) tatali aditif, (7) tatali generalisasi, jeung (8) tatali résultatif;
- c. Nganalisis data kohérensi référénsial sarta paragraf nu teu kohéren;
 - d. Ngitung dominasi wanda kohérensi référénsial anu kapaluruh;
 - e. Ngadéskripsikeun kohérensi référénsial dumasar wanda;
 - f. Napsirkeun data kohérensi référénsial sarta paragraf nu teu kohéren, jeung
 - g. Nyieun kacindekan panalungtikan ngeunaan kohérensi référénsial.